Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№72 (26045)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 24 апрель — хуымгæнæны мæйы 24 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆРСИДТ
Рæствæндаг ут, лæппутæ!

3 РУХС КУВÆНДÆТТÆ
Удварны уидæгтæ

4 ЮБИЛЕЙ
Раздæрау – уæнгрог æмæ куыстуарзон

Уæрæсейы Федераци – Республикæ Хуссар Ирыстон

Æмгуыстады нысантыл æрдзырдтой

Мæскуыйы уыд УФ-йы Федерацийы Совет æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламенты 'хсæн æмархайды фарстаты фæдыл къамисы радон æмбырд. Дыууæ бæстæйы парламентаритæ æрдзырдтой цæдисон ахастдзинæдтæ æнгомдæр кæныныл, иумæйаг проекттæ царды рауадзыныл.

Фембæлды архайдта УФ-йы Федерацийы Советы уæнг Цæгат Ирыстонæй **Виталий Назаренко** дæр (уый у къамисы уæнг).

Æмбырды сæрдариуæг кодтой Федерацийы Советы Фæсарæйнаг хъуыддæгты фæдыл комитеты разамонæг **Сергей Цеков** æмæ Хуссар Ирыстоны Парламенты Æддагон политикæ æмæ парламенты 'хсæн бастдзинæдты фæдыл комитеты сæрдар **Дриаты Зазæ**.

Ныхасы архайджытæ сæйраг æргом аздæхтой, Уæрæсейы Федераци æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны 'хсæн Цæдисон ахастдзинæдтæ æмæ интеграцийы тыххæй амæй размæ цы бадзырд бафыстæуыд, уый уагæвæрдтæ æххæст кæнынмæ.

Къамисы уæнгтæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй уыцы бадзырды фæткы бындурыл Уæрæсе æмæ Хуссар Ирыстон сфидар кодтой царды алы къабæзтимæ баст 122 иумæйаг документы. Уыимæ, уыцы бадзырдтæн сæ зынгæ хай ныридæгæн æххæстгонд цæуы. Уыцы æууæл хорзыл банымайгæйæ, парламентаритæ æрдзырдтой, фæбæстондæр кæнын цы бадзырдтæ хъæуы, уыдоныл. Зæгъæм, сæрмагонд кусæг къорды бæрны уыдзæн дыууæ бæстæйы граждайнад райсыны тыххæй сæрмагонд бадзырды уагæвæрдты нывылад. Ахæм æргом аздæхтæуыд 2022–2025 азты Хуссар Ирыстоны социалон-экономикон райрæзты паддзахадон программæ æххæст кæныны хъуыддагмæ дæр. Уыцы программæмæ бахæссинаг уæлæфтуантæм къамисы уæнгтæ æркæсдзысты æмæ сæ иумæйаг хъарутæй фæхъомысджындæр кæндзысты.

Æмбырды æрдзырдтой сæрмагонд æфсæддон операцийы хуссарирыстойнаг архайджытæ æмæ сæ бинонтæн социалон æхху ысы, æнæниздзинад хъахъхъæнынады, туризм æмæ æндæр къабæзты æнгомдæр æмархайды фарстатыл.

Боны фæткы фарстаты фæдыл раныхас кодтой æмæ фæндæттæ бахастой Дриаты Зазæ, Виталий Назаренко æмæ иннæтæ. Хуссар Ирыстоны Парламенты минæвар УФ-йы Федерацийы Советы уæнгтæн бузныг загъта, республикæимæ æмгуыстады фарстатæм иудадзыг лæмбынæг цæстдард кæй ис, уый тыххæй.

ÆЛБОРТЫ Зæлинæ,
УФ-йы Федерацийы Советы уæнджы æхху ысгæнæг

Парламентæй

Бюджеты фæрæзтæй – ноджы хæдзардзиндæрæй пайда кæнын

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы уыд æвдæм равзæрст Парламенты дыууын цыппæрæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.

Æмбырды архайдтой республикæйы Хицауады уæнгтæ, барадхъахъхъæнынадон, тæрхонадон æмæ æндæр федералон оргæнты минæвæрттæ, РЦИ-Аланийы сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, муниципалон сконды разамонджытæ æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.

Депутаттæ дыккаг бакасты равзæрстой «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æрдзон дзæбæхгæнæн фæрæзты, дзæбæхгæнæн бынæттæ æмæ курортты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Уый у axсджиаг къахдзæф ацы къабазы паддзахадон политикæ æххæст кæныны хъуыддаджы. 2018 азы уæрæсейаг Хицауад сфидар кодта санаторон-курортон къабазы стратеги. Закъоны проект æххæст кæны уыцы стратегийы уынаффæтæ æмæ фидар кæны уыимæ баст закъонæвæрынад. Йæ фæрцы фæнывылдæр уыдзысты ирыстойнаг курортты материалон-техникон бындуртæ æмæ фæхуыздæр уыдзæн нæ адæмы æнæниздзинад. Закъон фидаргонд æрцыд дыккаг бакасты.

Парламенты сæм фыццаг бакасты æркæсынмæ республикæйы Хицауад бацæттæ кодта дыууæ республикон закъоны проекты. Сæ иу – «2024 азмæ æмæ 2025-2026 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Раныхасгæнæг уыд финансты министры хæстæ æххæстгæнæг **Исахъты Олег**. Куыд загъта, афтæмæй ныхас цæуы бюджеты сæйраг бæрæггæнæнтæ фæбæлвырддæр кæныныл, федералон бюджетæй уæлæмхасæн 260 милуан сомы æрвыст кæй æрцыд, уымæ гæсгæ. Æхцатæ уæрст æрцæуæдзысты, социалон æхху ыс чи кæны, паддзахадон программæтæ чи æххæст кæны, алыхуызон уыцы кусæндæттыл, сæ хæрдзтæ кæй фæфылдæр сты, уый тыххæй. Зæгъæм, 62 милуан сомы дихгонд цæуы республикæйы социалон фондæн, 60 милуан сомы лæвæрд цæудзæн, сæрмагонд æфсæддон операцийы, йæ хæстæ æххæст кæнгæйæ чи фæмард кæнæ чи фæцæф, уыдоны бинонтæн баххуыс кæнынæн, 23 милуан сомы – льготæтæй пайдагæнæг адæмæн дзæбæхгæнæн хостæ балхæнынæн, 17,4 милуан сомы – регионалон программæтæ æххæст кæнынæн æмæ афтæ дарддæр. Министр бацамыдта ацы азы бюджеты сæйраг бæрæггæнæнтæ: æфтиæгтæ – 47 миллиарды æмæ 875,6 милуан сомы, хæрдзтæ – 48 милуаны æмæ 548,4 милуан сомы, бюджеты кадавар – 762,8 милуан сомы. Фарстайы axсджиагдзинад æмæ бюджеты социалон нысаниуæгыл ныхас кæнгæйæ, Исахъты Олег депутаттæй курæг уыд, цæмæй закъоны проект фидаргонд æрцæуа фыццаг, дыккаг æмæ кæройнаг бакасты.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег**. Афтæмæй, депутаттæ æмхъæлæсæй закъон сфидар кодтой.

Хицауад кæй бацæттæ кодта, «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы сывæллæтты фæллад уадзыны, дзæбæх сæ кæныны æмæ сын куысты бынæттæ арæзыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты фæдыл ныхас кодта фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ**. Документы куыд загъд ис, афтæмæй амынд нысантæ æххæст кæныны бартæ лæвæрд цæуынц республикæйы хицаудзинад æххæстгæнæг оргæнтæн. Уыимæ, фылдæр уыдзæн сæ бæрнондзинад дæр, уымæн æмæ азæй-азмæ сывæллæтты фæлладуагъд æмæ сæ дзæбæх кæнынæн лæвæрд цæуы фылдæр æхца, уæдæ хъуыддаг дæр аххæссы фылдæр сывæллæттыл. Айдарты Алинæ куыд загъта, афтæмæй нæм улæфынмæ уазæгуаты ныронг дæр уыдысты Белгороды облæсты сывæллæттæ, ацы сæрд ма сыл бафтдзысты сывæллæттæ Запорожьейы облæсты Черниговаг районæй.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты социалон политикæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ**. Закъоны проект фидаргонд æрцыд фыццаг бакасты.

Депутаттæ байхъуыстой 2023 азы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Нымайæн-цæстдарæн палатæйы куысты тыххæй, йæ сæрдар – **Хъæлыцты Иналы** дзуаппон раныхасмæ. Куыд загъта, афтæмæй ивгъуыд азы дæргъы Палатæйы кусджытæ бæрæг кодтой æнæниздзинад хъахъхъæнынады, амалхъомады, фæндаггон, стæй цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, зæхху æмæ исбонады ахастдзинæдты æмæ царды иннæ къабæзтимæ баст кусæндæтты финансон архайд. Уыцы нысанимæ ивгъуыд аз сæхæст кодтой Парламенты 12 амынддзинады, сарæзтой цæстдарæн-бæрæггæнæн мадзæлттæ 190 объекты. Сбæрæг кодтой, 19 миллиарды æмæ 230 милуан сомы куыд æмæ цæуыл æрцыдысты хардзгонд, уый. Административон халæн цаутæ фылдæр разынд паддзахадон æлхæнинæгты къабазы. Административон барадхæлдтыты тыххæй 5 хъуыддаджы æрвыст æрцыд Монополиты ныхмæ службæмæ, уымæй уæлдай, арæзт æрцыд 2 уголовон хъуыддаджы. Сæ нысанмæ гæсгæ, хардзгонд чи не 'рцыд, бюджеты уыцы æхцатæ рауадысты 4 милуан сомы. Æппæт халæн цауты фæдыл дæр Цæстдарæннымайæн палатæ раханста сæ аиуварс кæныны фæдыл уынаффæтæ.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Хæдарцаты Аслæнбег. Фарстатæ æмæ фиппаинæгтæ уыд депутаттæ **Дыдарты Сосланмæ, Суанты Вадиммæ, Цæгæраты Русланмæ**. Раныхасы фæдыл депутаттæ бацæттæ кодтой Парламенты уынаффæйы проект.

Æмбырды архайджытæ ма байхъуыстой Горæтгæрон æмæ Рахизфарсы муниципалон районты социалон-экономикон рæзты тыххæй сæ администраciты сæргъæуджытæ **Есиаты Руслан** æмæ **Мырыкаты Хъазыбеджы** дзуаппон раныхæстæм æмæ ивддзинæдтæ бахастой Парламенты Закъонæвæрынадон архайды пъланмæ æмæ Парламенты иуæй-иу комитеттæм æмæ къамистæм.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Профессион ахуырад

«Абилимпикс»: дæсныдæртæ сбæрæг сты

Цæгат Ирыстоны ахицæн регионалон чемпионат «Абилимпикс». 15 апрелæй 22 апрелы онг 12 сæрмагонд фæзуатыл цыдысты алы дæсныйæдтæй ерыстæ скъолаты хистæрæкъласонтæ æмæ астæуккаг профессион ахуырады кусæндæтты студентты 'хсæн.

Афтæмæй чемпионаты рабæрæг сты дæсныдæртæ дæсныдæртæ. Æппæт компетенциты уæлахиздзаутæ æмæ призертæн дæр саккаг кодтой майдантæ, дипломтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ. Ерысы архайджытæн арфæ ракодта æмæ сын сæ хæрзиуджытæ радта Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**. Министры ныхасмæ гæсгæ, ахæм мадзæлттæ уæлдай ахсджиаг уымæн сты, æмæ, се 'нæниздзинад цауд кæмæн у, уыцы адæмæн дæр фадат фæзыны хъæугæ дæсныйад райсынæн, царды хи бынат ссарынæн.

Дзыллон змæлд магæй фылдæр. Уыимæ, зынгæ фæфылдæр ерысты хуызты нымæц дæр: 2017 азы уыдысты 8 компетенцийы, 2024 азы та – 33 компетенцийы.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ.

Министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, профессион дæсныдзинады ахæм ерыстæм сæ минæвæрдты арвыстой 55 ахуырадон кусæндоны. Ахуырдзау фæсивæд сæ дæсныдзинад æвдыстой 33 алыхуызон компетенцийæ. Уыдоны нымæцы – ахæм дæсныйæдтæ: «агрономи», «ветеринари», «графикон дизайн», «медицинон æмæ социалон лæггæдтæ», «хæринаггæнæг», «скъолайы агъоммæ хъомылад», «сисамайæг», «къамисæг» æмæ афтæ дарддæр.

Æмткæй райсгæйæ, дзыллон змæлд «Абилимпикс» Уæрæсейы рапарахат 10 азы размæ. Уæдæй нырмæ ацы организацийы аудынад сæхиуыл банкъардтой, се 'нæниздзинад цауд кæмæн у, бирæ ахæм адæм...

КАЛМАНТЫ Аслан

Цалцæг

Фæндæгты уæлцъар ивынц

Дзæуджыхъæуы бавнæлдтой Доваторы проспект цалцæг кæнынмæ. Уый тыххæй фехъусын кодта горæты администрацийы сæргъæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеслав.

«Ацы аз национ проект «Æдас æмæ хæрзхъæд фæндæгтæ»-йы фæлгæты банывыл кæндзыстæм Барбашовы уынгæй Гæдиайы-фырты номыл уынгмæ уаццаг – æдæппæтæй 1700 метры бæрц. Проспектыл хæдтулгæтæ тынг бирæ цæуы, æмæ дзы, цæмæй машинæтæн цæуæн уа, уый тыххæй уынаффæ рахастам æмæ йæ хайгай цалцæг кæндзыстæм.

15 апрелы райдыдтам Барбашовы уынгæй Гагарины уынгмæ цалцæггæнæн куыстытæ дæр. Ныртæккæ уал къахвæндæгтыл архайд фестæм, æвæрæм сыл бордюртæ, стæй фæндаджы уæлцъар – зæронд асфальты фæлтæр ист цæуы», – зæгъы Милдзыхы-фырт.

Арæзджытæн бирæ куыст ис

Ногиры бындуронæй цалцæггонд цæуы Культурæйы хæдзар. Арæзджытæн бирæ куыст ис – пъолæй райдай æмæ агъуысты сæрæй фæу. Къултæ суанг агуыридуры онг хафынц, ногæй сæ байсæрддзысты. Ам ныртæккæ архайы цыппар бригады – фондз æмæ ссæдз адæймаджы. Бындурон цалцæггæнинаг рагæй уыд ацы агъуыст.

Фыццаг уæладзыджы ис фойе, репетициты зал æмæ кусæн уæттæ. Уæлæмхасæн ма дзы арæзт æрцæудзæн æхсæнадон санитарон уæттæ. Дыккаг уæладзыджы – чиныгуат æмæ архив. Тагъд рæстæджы хатæнтæ сæ хуыз скалдзысты.

Цалынмæ цалцæггæнæн куыстытæ цæуынц, уæдмæ аивадон къордтæ архайынц бынæттон дыууæ скъолайы. Кæд зындзинæдтæ æвзарынц, уæддæр æмбарынц, рæстæгмæ кæй сты, æмæ нæ хъаст кæнынц. Æнхъæлмæ кæсынц, агъуыст кæд сцæттæ уыдзæн, уымæ.

Объектыл куыст цæуы национ проект «Культурæ»-йы бындурыл, хъуамæ йæ фæуой 1 декабрмæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Дзырды фарн

Кард кæм нæ кæрда,
уым – зондæй.

КОЧЫСАТЫ Мухарбег

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **24 апрелы,** республикæйы боныхъæд уыдзæн асæст, нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **11-24 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,50

Хурыскаст — 05,04
Хурныгуылд — 18,54

Валютæйы аргъ

Доллар — 93,19
Евро — 99,19

12 +

Уæлахизмæ цæугæйæ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 1418 боны

1942 аз, ацы бон, 24 апрелы – хæсты 307-æм бон:

Калининаг фронты командæгæнынад баурæдта Ржевскы размæбырсты операци знаджы 9-æм æфсады ныхмæ.

Ихтæ тайын кæй райдыдтой, уымæ гæсгæ æхгæд æрцыд ихын «Царды фæндаг» Ладогæйы цады сæрты. Уыцы фæндаг цалынмæ гом уыд, уæдмæ йыл æрхъулагонд Ленинградмæ алыхуызон уæзæгтæ баластой 361109 тоннæйы, фæстæмæ та йыл дард фæсчъылдыммæ раластой бирæ мингай ленинградæгты.

Калининаг фронты иу хайы не 'фсæдтæ фæстаг дыууæ боны фидар ныхкъуырд радтой знæгтæн. Немыцæй æрмæст мæрдтæ фæци 1200 салдаты æмæ афицеры. Срæмыгътой знаджы цалдæр танчы. Байстой хæстон трофейтæ. Фронты иннæ хайы нæ хæстонтæ басастой гитлеронты фидар ныхмæлæуд, бацахстой, немыц цы хъæуы æрфидар сты, уый. Тохы быдыры знаджы æфсадæй баззад бирæ, бирæты дзы райстой уацары.

Знаджы фæсчъылдым 17 сырхæфсæддоны, лейтенант Калашниковы разамындæй, бабадтысты гитлеронты размæ. Тагъд рæстæджы уыдон федтой, немыцаг чыртæ сæм 30 уæрдоныл куыд æрбахæстæг кæнынц, сæ фæстæ та 150 салдаты æмæ афицеры. Нæ хæстонтæ пулеметтæ æмæ гранаттæй пайдагæнгæйæ ныддæрæн кодтой чырæ æмæ 50 гитлеронæй фылдæр.

1943 азы, ацы бон, 24 апрелы – хæсты 672-æм бон:

Кубаны немыцы æфсæдтæ баййæфтой уæззау сæфтытæ æмæ фыццаг хатт æрсабыр сты сæ æрвылбоны ныббырстытæй, раздæрау нал архайдтой активонæй.

Ленинграды æрхъулайы фыццаг бонæй фæстæмæ абоны хуызæн бирæ продукттæ уæййаг никуыма уыд. Фехъусын кодтой, зæгъгæ, апрелы хойраджы карточкæтæм гæсгæ алы кусæгæн дæр цы мæй фæфæуд кæны, уый хыгъдмæ нормæмæ гæсгæ йæ бон райсын у 400 граммы мæнæуы læхурæг, 200 граммы хуыйы салæ, 300 граммы адджинæгтæ, 300 граммы пырындз, 400 граммы дзидза. Æппæт уыцы продукттæ уæй кæнынц службæгæнджытæн, даринæгтæ æмæ сывæллæттæн, æрмæст къаддæр бæрцæй. Уæлæмхасæн ма мæйы нормæйæ уæлдай æппæт цæрджытæн уæй кæнынц хус зокъотæ æмæ халсартæ, сельд æмæ ссад. Уыдонæй уæлдай ма сывæллæттæм хауы 200 граммы мæнæуы касаг æмæ фæйнæ 200 граммы æнгузтæ.

Ленгорсоветы æххæсткомы базарадон хайад йæ хъусынгæнинаджы амоны, зæгъгæ, хус зокъотæ, хус халсартæ, сельд, æнгузтæ, ссад, мæнæуы læхурæг læвæрд цæуынц Горький æмæ Ярославы облæсттæ, Приморье æмæ Краснодары крайтæ, Узбекты ССР, Казахты ССР æмæ æндæр крайтæ æмæ облæстты фæллойгæнджытæ цы хойрæгтæ æрбарвыстой, уыдонæй.

1944 азы, ацы бон, 24 апрелы – хæсты 1038-æм бон:

Ног йæ къæхтыл слæууын кодтой 2-аг Белоруссиаг фронт.

Арæзт æрцыд 3-аг Белоруссиаг фронт.

Сау денджызы авиаци тыхджын цæфтæ ныккодта Севастополæй немыц се 'фсад раласынмæ цы наутыл хъавыдысты, уыдонæн æмæ фашистты иннæ наутæн, уыдонимæ бахаудта æмæ фæдæлдон знаджы нау «Лео» (1800 т).

Мыхуыры хъусынгæнинæгты фыстой, зæгъгæ, Якутийы АССР-ы фæллойгæнджытæ танктæ саразынæн æрæмбырд кодтой 10 милуан сомы, фашисттæй уæгъдгонд цы районтæ систы, уыдоны хæдзарæдтæ сног кæныны æххуысæн та æрæмбырд кодтой 2 милуан 400 мин сомы.

Мыхуыргонд хъусинæгтæм гæсгæ Приморскы крайы фæллойгæнджытæ бæстæ хъахъхъæныны фондмæ бахастой 31 милуан 243 мин сомы, 5 милуан 700 сомы аргъ та паддзахадон облигацитæ.

1945 азы, ацы бон, 24 апрелы – хæсты 1403-æм бон

1-аг Белоруссиаг фронты æфсæдтæ Берлины цæгатныгуылæйнаг фарс байстой горæттæ Креммон, Флатов, Вельтен, Науен; Берлины хуссар-скæсæйнаг фарс ахызтысты цæугæдон Дамейы сæрты æмæ баиу сты ам хуссарæй бырсæг 1-аг Украинаг фронты æфсæдтимæ. Уыцы рæстæг æфсад тох кодта Берлины цæгат æмæ скæсæйнаг хайы, бацахстой горæттæ Тегель, Витенау, Рейникендорф, Силезкы вагзал æмæ йæ цæгат-скæсæйнаг кварталтæ, Франкфурт-на-Одеры хуссарварс фронты æфсæдтæ бацахстой Фюрстенберг æмæ Губен.

1-аг Украинаг фронты æфсæдтæ Берлины хуссар хайы бацахстой Мариендорф, Ланквиц, Осдорф, Штандорфы горæтты районтæ æмæ баиу сты 1-аг Белоруссиаг фронтимæ.

Мыхуыры хъусинагмæ гæсгæ горæт Владимиры кусын райдыдта тракторты завод æмæ рауагъта фыццаг 500 тракторы.

Æрмæг бацæттæ кодта
КАСАТЫ Батрадз

Æфсæддон æрсидт

Рæствæндаг ут, læппутæ!

Райгуырæн бæстæ, фыццаджыдæр, у фыдæлты зæхх. Хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинад кæй туджы ис, ахæм læппутæ сæ хæсыл нымайынц райгуырæн зæххæн балæггад кæнын, йæ сабырдзинад ын бахъахъхъæнын.

Ивгъуыд къуыри РЦИ-Аланийы æфсæддон комиссарады Уæрæсейы æфсады рæнхъытæм радон хатт арвыстой 15 læппуйы. Не 'мзæххонтæ службæ кæндзысты Мæскуыйы æфсæддон зылды. Рæсугъд рæгъытæй, сæ фæндаггон хызынтимæ læууыдысты æрыгон læппутæ. Тынг аив сыл фидыдта сæ ног уæлæдарæс. Арфæйы ныхæстæ зæгъынмæ сæм æрбацыдысты хицауады уæнгтæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, дины кусджытæ. Цæгат Ирыстоны æфсæддон комиссар **Владимир Скоморох** куыд загъта, афтæмæй сиддонтæй алкæмæ дæр ис банчы электронон картæтæ æмæ фæндагмæ хойраг цас бахъæудзæн, уый бæрц.

– Ныр æрвитæм цыппæрæм къорд. Не 'мзæххон фæсивæд службæ кæнсæдты. Сæ тых, сæ хъару æвдисдзысты Национ гварди æмæ Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады рæнхъыты дæр. Ныфс нæ ис, Цæгат Ирыстон йæ размæ æвæрд хæстæ кæй сæххæст кæндзæн, – загъта æфсæддон комиссар.

«Рæствæндаг æмæ амондджын ут!» – ахæм арфæтæ сын ракодтой иууылдæр.

Текъаты Артур дæр иннæ фæсивæдимæ барвæндонæй цæуы æфсадмæ. Læппу ахуыр кодта Хæххон-металлургон техникумы, райста электрикы дæсныйад. Уыцы зонындзинæдтæ йæ, æнæмæнг, бахъæудзысты æфсады.

Хъæбул службæмæ куы ацæуы, уæд ныйиарæджы сагъæс æмбæрстгонд у. Тыххæй уромы йе 'нкъарæнтæ Артуры мад Дали.

Алкæй кæстæр дæр æнæнизæй, дзæбæхæй сæмбæлæд йæ райгуырæн къонайыл!

ГУГКАТЫ Жаннæ

Царды фæзилæнтæ

Ахæм хъуыдытæ мæм сæвзæры Уæлахизы мæйы...

Алы аз дæр Цытджын Уæлахизы бон куы 'рхæццæ вæйы, уæд та байгас вæйы мæ зæрдæйы хъæдгом, мæ цæстытыл ауайынц мæ сидзæры бонтæ, мæ хъизæмæрттæ æмæ тухитæ. Æнæ цæстысыгæй мыл иунæг Уæлахизы бон дæр никæд аивгъуыдта, мæхи кæдæй хъуыды кæнын, уæдæй нырмæ.



Æз дæр дæн, «хæсты сывæллæттæ» кæй хонынц, уыцы фæлтæрæй. Райгуырдтæн æмæ цæрын Хъарман-Сындзыхъæуы, мартъийы райдиан мыл сæххæст æстай авд азы. Мæ фыд Агънаты Муссæйы фырт Сæхæм æмæ йе 'фсымæр Хъауырбег (Гауе) сидзæрæй баззадысты хæрз чысылтæй, сæ ныйиарджытæ халерæй амардысты. Læппуты йæхимæ æрбангом кодта сæ фыды 'фсымæры ус Агънаты Сæна – Хъариан (фыссæг Агънаты Гæстæны фыдымад). Куы бахъомыл сты læппутæ, уæд сын сæхицæй гыццыл фалдæр иу зæххы гæппæл балхæдтой сарагондимæ. Мæ фыд дæсны хъæдгуыстгæнæг уыди (пълотник), колхозы куыста, æмæ гыццылгай хæдзар сарæзта тыхтонатæй. Уырдæм æрхаста мæ мад Созайты Заретæйы. Уый дæр мадæй сидзæр, фыдыусы къухы рæзыд.

Бахæдзар сты, æмзонд, æмхъаруйæ архайдтой. Фæзынд сын цот – мæ хистæр æфсымæр Барис дунейы рухс федта 1936 азы, æз – дыууæ азы фæстæдæр, нæ кæстæр хо Ленæ та – 1940 азы. Бæргæ сæм уыд рæсугъд фæндтæ, фæлæ хæст райдыдта. Фæсидтысты нæ фыдмæ дæр хæцæг æфсады рæнхъытæм. Куыд дзурынц, афтæмæй, дам, хæрзбон куы загъта, уыцы сахат уасæг кæцæйдæр æртахт æмæ йын йæ тæрных йæ бырынкъæй æрцавта. Туг фемæхст... Сыхæгты устытæ кæрæдзимæ бакастысты, сусæгæй дзырдтой уый, дам, æнамонды нысан у...

«Æбæрæгæй фесæфти Агънаты Сæхæм» – ахæм фыстæг райста нæ мад. Йæхи ныффидар кодта, сабиты хæссын хъуыдис. Кæд мыл фондз азы цыдис, уæддæр сывæллон зæрдылдараг у, æмæ уыцы æвирхъау азты цаутæ киноныва мæ цæстытыл фæуайынц. Немыц нæ хъæумæ куыд æрбацыдысты, уый хорз хъуыды кæнын. Нæ хæдзары æртæ уаты уыдис, æмæ нын дзы иу нæхицæн ныууагътой, иннæты немыц æрбынат кодтой, фæстæдæр куыд загътой, афтæмæй се штаб уыдис. Семæ – дыууæ уырыссаг салдаты, æвæццæгæн, уацары кæй райстой, ахæмтæ, Мишæ æмæ Алешæ. Уыдон-иу афицерты цырыхъхъытæ афтæ ныссыгъдæг кодтой, æмæ-иу дзы раст дæхи федтаис. Махæн-иу хатгай немыцæгтæ къафеттæ дæр радтой, бамбарын-иу кодтой, махæн дæр ахæм сывæллæттæ ис, зæгъгæ... Хæринаг-иу сын æрбаластой. Румынаг салдæттæ та гыццыл фалдæр Бæгъиаты Иластæм цардысты æмæ æппынæдзух стонгæй мардысты. Махмæ дæр-иу æрбацæйцыдысты хæринаггур, æмæ-иу уæд нæ мад Заретæйы зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссыди, немыцмæ-иу бахоста, æмæ-иу сæ уыдон атардтой, сæ тæбæгътæ-иу сын ныззыввыттытæ кодтой. Иу хатт сæм кастыстæм кауы хуынчъытæй æмæ федтам, сусæгæй Иласты царæй настæ куыд давтой, уый...

Мæ цæстытыл ауайы ахæм æгъатыр ныв дæр. Бутаты læппу, Бой хуынди, махæй гыццыл фалдæр Урсдоны был цардысты, цыдæр знаггад ракодта немыцæн, æмæ йæ æрцахстой. Æрбакодтой йæ нæ кæртмæ, æмæ йæ уым уыцы уырыссаг салдæттæн фырнад фæкæнын кодтой. Мæ мад Бутаты хæрæфырт уыдис, æмæ сусæгæй сау марой кодта. Уый фæстæ læппуйы Сындзыхъæуы бын фехстой. Абон уыцы ран немыцы амæттæгтæн ис цыртдзæвæн.

Лидзгæ куы кодтой, уæд ницæуыл ауæрстой, цы ардтой, уый семæ тæлæт кодтой, уыимæ бирæ хæрзконд æрыгон чызджыты дæр. Уыцы æхсæв нæм удаистæй нæ сыхаг Мысойты Фатъимæт æрбазгъордта, дуар, дам, мын бакæнут тагъддæр. Иу хуыссæны Барис хуыссыд, иннæйы та мах æртæйæ, æмæ нæ быны абырыд. Чысыл фæстæдæр немыц æрбагæппытæ кодтой, фыццаг Барисы хъæццул аппæрстой, стæй мах – чызджы агуырдтой æмæ йæ нæ федтой, Хуыцау хорз, афтæ арф абырыд нæ быны. Гыццыл сау хъуг нæм уыдис, уымæй нæ, мæгуыр, хаста нæ мад, æмæ нын уый дæр семæ атардтой...

Хæст фæци, ссыди бирæ хæрзиуджытимæ нæ хæдзармæ нæ фыды уæздан, фæлмæнтæдзураг æфсымæр Гауе. Бинойнаг æрхаста. Махæн та нæ сидзæргæс мад цæрыны амæлттæ кодта. Æмæ диссаг, уыцы заман нын хуырх, сылы, нартхоры ссады тæпп чи радта, уыдоны дæр хорз хъуыды кæнын. Нæ сыхæгтæ Джерджыты Хъазыбег, Верычкæ, Мысойты Азæмæт, Айларты Харитон æмæ Лизæ, мæрдты сыгъзæрин талатæ суадзæнт, сæ къæбæрæй нын хай кодтой. Уæд адæм кæрæдзи уарзтой æмæ нымадтой, сых иу бинонтау æнгом цардысты, нырау мулчы цæстæй нæ кастысты. Хæсты сидзæртæ афтæмæйты хъомыл кодтой.

Нæ фыд Сæхæм куыдæй æмæ кæм фæмард, уый æвдайæм азты базыдтам. Журнал «Мах дуджы» фыссæг Хъайтыхъты Азæмæт хæсты хабæрттæ ныффыста йæ публицистикон уацмысы, æмæ дзы уыд Сæхæмы кой дæр. Цæвиттон, се 'фсæддон хай уацары бахауд Украинæйы зæххыл, уыдысты концлагеры. Уæнгджын бæзæрхыг læг уыд, æмæ йæм пъæлицайы дзаумæттæ æрбаппæрстой, скæн, дам, сæ. Азæмæт куыд фыста, афтæмæй, дам, сæ Сæхæм фæстæмæ немыцагыл фехста æмæ, дам, ын йæ цæсгомыл бату кодта. Дарддæр æй, «газовая камера» кæй хонынц, уырдæм акодтой...

Фæцыдыстæм Азæмæтмæ, фæфарстам æй, радзырдта нын нæ фыды царды фæстаг сахаты цаутæ...

Йæ фыд хæстæй кæмæн ссыд, уыцы сабитæм хæлæггæнгæйæ цардыстæм, паддзахадæй никæд ницы æххуыс федтам, раджы базыдтам фæллойы ад. Ветерантæн – фатертæ, машинæтæ, бынæтты куыстой, чи – сæрдарæй, чи – фермæйы сæргълæууæгæй, чи – бригадирæй, æмæ цардхуыз уыдысты. Сæ цот уæлдæр скъолаты ахуыр кодтой, дзаумайæ, къахыдарæсæй – æххæст. Куы-иу ацыдысты æцæг дунемæ, уæд сæ устытæн – пенситæ, Уæлахизы бонмæ – læвæрттæ. Æмæ уый аккаг уыдысты, кæй зæгъын æй хъæуы. Фæлæ мах, хæсты сидзæрты, та æппын ницы хъуыдис? Абоны онг нæ паддзахад мах тыххæй иу хорздзинад дæр нæма сарæзта. Гыццылгай куынæг кæны нæ фæлтæр, фыддзард хорзæрдæм никæуыл ма фæзынд. Гъе, ахæм хъуыдытæ мæм сæвзæры Уæлахизы мæйы...

ГАПБАТЫ-АГЪНАТЫ Розæ,
фæллойы ветеран

Æнæмæлгæ полкъ

ДЗОДЗИАТЫ Хадзымырзæ

КÆСÆБИТЫ Солтан

САУТÆТЫ Владимир

САУТÆТЫ Лаврентий

САУТÆТЫ Илья

ГÆБУАТЫ Хадзымырзæ

ГÆБУАТЫ Ханджери

ГÆБУАТЫ Хъазджери

ГÆБУАТЫ Хъазахджери

МЫСЫКАТЫ Ибрагим (Гибыдто)

ХОДЫ Барис

МАЛХЪАРТЫ Сафарбег

Куыд цæрыс, не ‘мзæххон, кæмдæр?

Воронежы фæрнæйдзаг ирæттæ

Сæдæгай азты Уæрæсейы хæларæй, кæрæдзи æмбаргæйæ, цæры 190 адæмыхатты. Уыдонæн алкæмæн дæр нæ бæстæйы Конституци бар дæтты йе’ взаг, йæ удварны культурæ бахъахъхъæнынæн, йæ национ химбарынад ма фесафынæн.

Ирæттæ кæд дунейыл апырх сты, чи — царды уавæртæм гæсгæ, чи – куысты фæдыл, уæддæр алы ран дæр агурынц се ‘мтуг адæмы. Абон Уæрæсейы алы егъау горæты дæр ис ирæтты æхсæнæдтæ. Архайынц æмбæстæгты æрбахæстæг, æрбангом кæныныл, кусынц фыдæлты æгъдау æмæ ирон æвзаг бахъахъхъæныныл, зынгæ æвæрæн хæссынц æхсæнадон цардмæ. Ацы куыст Воронежы облæсты 17 азы дæргъы æнтыстджынæй чи кæны, уыдонæй иу у ирæтты æхсæнад **«Фарн»**, йæ сæргъы **Бестауты Уырызмæг**, афтæмæй.

Воронежы облæст у бирæнацион, цæры дзы 178 адæмыхатты, цы национ-культурон æхсæнæдтæ дзы ис, уыдонæй алчидæр архайы иудзинадыл. Æхсæнадты ‘хсæн «Фарн» у тæккæ æрыгондæр, фæлæ бæрæг дары йæ зæрдиаг æмæ бирæвæрсыг куыстæй. Йæ советы уæнгтæ иуæндæсæй сты фæлтæрдджын æмæ нымад – куысты мидæг, кæимæ цæрынц, уыдоны ‘хсæн. Алкæуыл дæр дзы æвæрд ис сæрмагонд хæстæ, дзуапп дæттынц æхсæнады куысты къабæзтæн æмæ сæм бæрнон цæстæй кæсынц, арæхстджынæй пайда кæнынц, æхсæнады йæ райдайæнæй чи куыста, уыдоны амынддзинæдтæй. Архайынц, цæмæй Ирыстоны хорзы кой Воронежы хъуыса, йæ кадыл ын æфтауынц.

Бестауты Уырызмæг 53 азæй фылдæр цæры Воронежы, фæлæ йæ уидæгтæ кæцæй сты, уый дзы рох никуы уыд. Йæ ирондзинад æй сразæнгард кодта ирæтты æхсæнады куыст сног кæнынмæ, цард дзы бауадзынмæ, æмæ йæ цыбыр рæстæгмæ ракодта раззагдæрты æмрæнхъ. Хъуыддаджы бастдзинæдтæ иннæ диаспорæтимæ, æхсæнадон æмæ фæсивæдон организацитимæ, æмгуыстад барадхъахъхъæнæг оргæнтимæ хорзырдæм зыны æхсæнады куыстыл. Бирæ азты Уырызмæг у Воронежы облæсты губернаторы цур Национ палатæйы уæнг. Арæх æм фæсидынц нацийы ‘хсæн ахастдзинæдты фарстаты фæдыл официалон мадзæлттæм, куыд фæлтæрдджын экспертмæ.

– Адæмимæ хъæуы арæхстджынæй дзурын, «адæмон дипломати» кæй хонынц, уый бындурыл кусæм граждайнаг иудзинадыл Воронежы. Махæн нæ бон нæу карзæй цавæрдæр уынаффæтæ бадомын, фæлæ амонæм, ныхас кæнæм зæрдæйæ-зæрдæмæ, æмæ нын æнтысы», – зæгъы Уырызмæг.

Ирæтты æхсæнад «Фарн»-ы сæргълæууæг БЕСТАУТЫ Уырызмæг

Абайты Батрадз, Æлборты Зауырбег, Бестауты Уырызмæг, Багаты Мурат, Таматы Феликс æмæ Руслан, Кацанты Ростислав, Дзуццаты Олег, Гæздæнты Азмæт, Плиты Сергей, Дриаты Альберт – ацы адæмы фæрцы Воронежы облæсты разамынд, суанг хуымæтæг воронежæгтæ дæр зонынц ирæтты æхсæнад «Фарн». Сахары цардæй иппæрд кæй не сты, уыл дзурынц сæ арæзт мадзæлттæ, уæдæ сæхæдæг дæр архайынц фестивалты, спортивон ерысты, парахат кæнынц æмæ æвдисынц ирон адæмы культурæ æмæ традицитæ. Воронежæгтæ зонынц æмæ сæ зæрдæмæ хæстæг айстой Беслæны теракт. Æхсæнады сæрдар Бестауты Уырызмæгæн æрты хъæппæрисæй Чижовы плацдармы кæй байгом не ‘мзæххон, лейтенант Дзотты Лазыры номыл бюст. Йæ гом кæныны кадджын мадзалы архайдтой Воронежы облæсты губернатор Александр Гусев, минæвæрттæ нæ республикæ æмæ Дзотты мыггагæй.

Æхсæнадæн йæ куыст у хъæугæ æмæ пайдайаг, йæ ахадындзинад та – стыр. Хæстæг хионы хуызæн æрбангом кодта Воронежы облæсты цæрæг 800 ироны, ауды æмæ æххуыс кæны, царды зын уавæрты чи бахаудта, уыцы æмзæххонтæн. Се ‘ххуысы хай хæссынц Донецк æмæ Луганскы облæсттæй лигъдонтæн, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн.

Æрæджы æхсæнады уæнгтæ губернаторы цур Национ палатæйы минæвæрттимæ иумæ бабæрæг кодтой æфсæддон госпитæл, цæфтæн равдыстой концерт, бацæттæ сын кодтой зæрдылдарæн лæвæрттæ. Уазджытыл æхсызгонæй сæмбæлд госпитæлы разамонæг, медицион службæйы дæлбулкъон, не ‘мзæххон **Æлборты Цæрайы фырт Зауырбег.**

Ирæттæ кæм æрцæрынц, уым алы ран дæр æвдисынц сæ хуыздæр миниуджытæ, тырнынц хæлар ахастдзинæдтæм, ууыл ахуыр кæнынц кæстæрты дæр. Уымæ гæсгæ æхсæнад йæ хъус дары, Воронежмæ ахуыр кæнынмæ чи æрцыд, уыцы фæсивæдмæ. Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæй 23 студенты исынц уæлдæр ахуырад Воронежы, зонынц сын сæ нæмттæ æмæ мыггæгтæ. Се ‘ппæт дæр сты æхсæнады фæсивæдон хайы активон архайджытæ.

Тынг æхсызгонæй æхсæнады уæнгтæ æнхъæлмæ кæсынц ирон адæмы XI съездмæ. Бестауы-фырт «Иры Стыр Ныхас»-ы Координацион советы уæнг кæй у, уый йыл уæлдай бæрнондзинад æфтауы. Съезды йæ ныхас уыдзæн ирон адæмы иудзинадыл. Уавæрæй спайда кæнгæйæ, съезды куыстмæ бахæсдзæн йæ фæндæттæ. Уыдонæн сæ сæйраг хъуыды у Ирыстон æмæ Воронежы ‘хсæн хæлар ахастдзинæдтæн ног тых æмæ уæлæмхасæн авналæнтæ раттын.

«Нæ иумæйаг истори дæр нын дæтты уыцы бар, цæмæй æз мæ фæндон бахæссон, æмæ Воронежы байгом уа дыууæ Ирыстоны минæварад, Воронеж æмæ Дзæуджыхъæу та бафыссой æфсымæрады тыххæй бадзырд», – æмбарын кæны йæ хъуыды Бестауыфырт. – Уымæй уæлдай, «Иры Стыр Ныхас»-ы разамындæй ракурин, цæмæй арæхдæр аразой видеоконференцитæ ирæтты æхсæнадтимæ Уæрæсейы, хæстæг æмæ дард фæсарæнты чи ис, уыдонимæ, нæ адæмы царды ахсджиагдæр фарстаты фæдыл».

Ирон æхсæнæдты нымæц Уæрæсейы у 58, уырдæм хауынц ног регионтæ Хъырым, Донецкы Адæмон Республикæ æмæ Севастополь, иуæндæс – раздæры цæдисон республикæты, нудæс та — дард фæсарæнты. Рæстæджы гуылфæнтæ æмæ европæйаг политикæйы æппæрццæг фæзындтытæ хъуыды кæнгæйæ, национ химбарынад ма фесафын ирон адæмæн у сæйрагдæр. Сæ къухы куыд æфты ирондзинад бахъахъхъæнын, куыд кусынц диаспорæтæ æмæ цæуыл архайынц, – уыцы фарстатæм мах, газеткæсджыты фæндонмæ гæсгæ, раздæхдзыстæм.

МАМИАТЫ Лолитæ

Презентаци

Национ литературæйы рæзтыл ахадæг чиныг

Национ республикон наукон библиотекæйы уыд зындгонд литературæиртасæг, педагогон наукæты кандидат, УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг МЗОКТЫ Аслæнбеджы ног чиныг «Ирон аив дзырды дунейы» презентаци. Арæзт æрцыд РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдис æмæ библиотекæйы бæстæзонæн хайады кусджыты хъæппæрисæй. Архайдтой дзы сфæлдыстадон, зонадон æмæ ахуырадон интеллигенцийы минæвæрттæ, дины кусджытæ, ахуыргæндтæ, фысджытæ, ахуыргæнджытæ, аспиранттæ, студенттæ, библиотекæты кусджытæ, скъоладзаутæ æмæ чиныгкæсджытæ.

Мызуры астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, методист Мзокты Аслæнбег йæ ног чиныгмæ бахаста, алы азты национ литературæйы рæзт æмæ мадæлон æвзаджы ахадындзинады тыххæй цы мидисджын уацтæ фæфыста, уыдон, уыдонæй уæлдай ма дзы ис Хетæгкаты Къоста, Колыты Аксо, Гæдиаты Секъа, Мамсыраты Темырболат, Цæлыккаты Ахмæт, Гæздæнты Гайто, Джусойты Нафи, Хъодзаты Æхсар, Касаты Батрадз æмæ нæ иннæ зындгонд фысджытæ æмæ аивады кусджыты цард æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстады фæдыл очерктæ, ирон æвзаг æмæ литературæйы уроктæм методикон амыдтытæ æмæ интервьютæ. Ног чиныг рухс федта рауагъдад «Ир»-ы. Йæ тираж — 500 экземпляры. Бæстон разныхас



ын ныффыста филологон наукæты кандидат Куыдзойты Анжелæ. Хорз ахъаз уыдзæн ирон æвзаг æмæ литературæиртасджытæ, ахуыргæнджытæ, аспиранттæ æмæ студенттæн.

Ахуыргæнæг-методист Мзокты Аслæнбег йæ бирæазон иртасæн куыст æмæ сфæлдыстадон, рухстауæн архайдæй нæ литературæ æмæ æвзаджы рæзтмæ цы ахадгæ æвæрæн хæссы, цæмæй национ химбарынад нæ зæрдæты æмæ зонды фылдæр кæна, ууыл куыд зæрдиагæй кусы æмæ йæ ног чиныг «Ирон аив дзырды дунейы» цы мидисджын æрмæг ис, уый тыххæй презентацийы сæ хъуыдытæ бæлвырдæй загътой УФ-йы культурæйы сгуыхт кусæг, зындгонд фыссæг Дзасохты Музафер, РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг, зындгонд прозаик Цомартаты Изæтбег, РЦИ-Аланийы адæмон фыссæг Агъæты Гæстæн, ног чиныджы редактор Дзанайты Иринæ, РЦИ-Аланийы адæмон поэт Гуырдзыбеты Иринæ, Дзæуджыхъæуы Ирон аргъуаны сауджын Хъуысаты Игорь æмæ УФ-йы сгуыхт ныврæнæг Цæллагты Виктор.

Презентацийы кæрон йæ сараздзытæ æмæ уазджытæн арфæ ракодта æмæ йæ ног сфæлдыстадон нысанты тыххæй бæлвырд радзырдта Мзокты Аслæнбег.

Чиныг «Ирон дзырдаивады дунейы» цæмæй рухс фена, уымæн æхцайæ феххуыс кодта амалхъом Дзгойты Хъазыбег.

ГАСАНТЫ Валери

Бонæн диссаг

Инæлар сылгоймаг разынд...

XIX æнусы Англисы æфсады 52 азы баслужбæ кодта хæстон хирург Джеймс Барри Эдинбургаг, зындгонд шотландийаг герцоджы бинонтæй рацæуæг. Афтæ амынд уыдис йæ æвдисæндар гæххæтты. Хъуыстгонд уыди канд Англисы нæ, фæлæ æнæхъæн Европæйы дæр, куыд дæснымдæр, арæхстджындæр æфсæддон хирург. Йæ диссаджы зонындзинæдты фæрцы службæйы къæпхæныл схæццæ медицинон службæйы инæлары цинмæ. Уыди домаг йæхицæй дæр æмæ йæ дæлбаруæвджытæй дæр. Иугæндзон йæхи æвдыста карз æмæ цытуарзагæй. Дзырдтой, зæгъгæ, хъаугъайаг уавæртæ æвзаргæйæ, арæх пайда кодта дуэлон мадзалæй æмæ састы бынаты иу хатт дæр нæ баззади. Йæхицæй бæрзонддæр цины инæлæрттæ дæр æй йæ намысмæ гæсгæ нымадтой сæхи æмвæзады.

Барри ахицæн цардæй 1865 азы Лондоны 75-аздзыдæй, æмæ уæд рабæрæг, зындгонд инæлар сылгоймаг кæй уыди, уый. Цымыдисаг та уый у, æмæ йæм 50 азы æнæсцухæй фæсдзæуинæй-денщикæй цы салдат баслужбæ кодта, уый дæр никуы фæгуырысхо, йæ инæлар нæлгоймаг кæй нæ уыди, ууыл, æмæ ныр йæ дисæн кæрон нал уыди.

Баррийы йæхи фæндонмæ гæсгæ стыр цытимæ бавæрдтой Шотландийы сæйраг горæт Эдинбурджы йæ фыдæлты мыггаджы уæлмæрдты.

(«Рæстдзинад»-ы архивæй)

Æцæг хабар

Зиан æмæ цин – æфсымæртæ

Фæзæгъынц, ахæм цин нæ вæййы, æмæ адæймагæн йæ цæссыг ма ’ркæла, — кæм — фырцинæй, кæм — фырхудтæй. Стæй уæд зианы дæр æнæбахудгæ нæ баззайынц, уæлдайдæр та ацæргæ адæймаджы зианы. Бирæтæ, зианмæ æрбацæугæйæ, куыддæр тæфæрфæс ракæнынц, афтæ, йæ ахæссынмæ, сæ хабæрттыл нал фæауæрдынц, хæрам дæр кæрæдзимæ нæ фæвæййынц, афтæмæй, уæлдайдæр та куы фæзонынц, ацы лæгæн йæ ныхасы марг нæй, уæд.

Иу ахæм лæг, дзæнæты бадинаг, уыдис Бедойты Æхсарбег. Раздæр Ног Бæтæхъойыхъæуы цард, стæй – Беслæны. Бирæ рæстæг бригадир æмæ агрономæй куыста совхоз «Беслæйнаджы». Алы куысты дæр диссаджы арæхст кодта, уыдис æцæг кусæг лæг. Раст, цыма, фæллайгæ дæр нæ кодта, афтæ йæхи дардта. Диссаджы фæллой кодта «Заготзерно»-йы дæр. Фæлæ йæм уыцы лæмæгъдзинад хæццæ кодта, æмæ-иу зианджынты дæр схудын кодта. Афтæ рауад, Хъазыбеджы фыд куы амард, уæд дæр. Йæ ном ын быццыл аивтон æмæ йæ фыссын Хъазыбег. Бирæтæ йæ уайтагъд бамбардзысты, кæй кой кæнын, уый.

Гъе уымæн йæ фыд йæ къæхтæй хорз нæ уыд. Фæзиан. Зианы сыхбæстæй дзурæг куыддæр сфæрæзта, мæрдтæм фæндаг дард фæндаг у, 40 боны фæндагыл уыдзæн, зæгъгæ, афтæ Æхсарбег зианы дыууæ фыртмæ дзуры: «Æмæ уын, мæгуыр, уый уыцы къæхтæй кæд бахæццæ уыдзæн?!» Дыууæ фыртæй кæстæр йæ худын нал баурæдта æмæ, цыма, хуыфгæ скодта, афтæ ма йæ цæсгом амбæхста. Хъазыбег йæхи ныффидар кодта, æрмæст æм мæсты каст бакодта, ды кæй зианæй хъазыс, зæгъгæ.

Иу цалдæр азы рацыд, æмæ Æхсарбегæн дæр йæ фыд, тынг бæрзонд лæг, фæзиан. Хъазыбег дæр, мæ маст сисон, зæгъгæ, хæстæг байста йæхи Æхсарбегмæ, æмæ куыддæр кæрты хицау сдзырдта: «Хиуæттæ... æрбалæуут», афтæ Æхсарбегмæ дзуры: «Мæрдтæм фæндаг канд дард фæндаг нæу, фæлæ ма ныллæг цæуæнтæ у, æмæ ацы дæргъæй-дæргъмæ куыдтæтæ цæудзæн, мæгуыр йæ бон».

— Гъе уый дын æмбаргæ лæг! – бахудт Æхсарбег, — æз æй бæрзонд арвмæ æрвитын, уадз æмæ уым йæхи айваза...

ТЕТАТЫ Эльврик

Рухс кувæндæттæ

Удварны уидæгтæ

Кувæндæттæ сты рагæй-æрæгмæ ирæтты фыдæлтæй баззайгæ дины иу хай. Кувæн бынат йæхæдæг дæр стыр ахъаз у адæмы иудзинадæн. Ам, иумæйаг бынаты, æрбамбырд вæйынц æмæ фæкувынц Хуыцаумæ.

Цалдæр кувæндоны ис Рахизфарсы районы зæххыл. Се ‘хсæн ис, Беслæны цы Лæгты зæды кувæндоны арæзтад фæхæццæ кæны кæронмæ, уый. Æрæджы йæ бабæрæг кодтам, ныхас кодтам кувæндоны советы раздæры сæрдар, кадджын хистæр Алыккаты Хасанимæ. Æрзылдыстæм бæстыхайыл, лæмбынæг нын радзырдта, цы дзы ис, цы дзы æрцыд арæзт, чи сын æххуыс кодта æмæ абоны онг дæр чи хæссы йе ‘ххуысы хай ирон адæмы фыдæлтæй баззайгæ æгъдæуттæ бахъахъхъæныны хъуыддагмæ.

Беслæны кувæндоны Алыккаты Хасан ивгъуыд æнусы 90-æм азтæй ис. Зоны, цæмæй цæры, цы хъуагдзинæдтæ ‘ййафы, номæй-номмæ зоны кувæндоны арæзтадæн æххуысгæнджыты. Бацæуæджы раз цæст æрхæцы аив фæлыст нывыл, нырма æххæстæй нæ ракалдтой сыфтæр, фæлæ рæхджы газонтæ æмæ клумбæтæ дидинджытæй байдзаг уыдзысты, æмæ дзы цæст райдзæн. Уый канд бынæттон цæрджытæ нæ уынынц, æнæбафиппайгæ йæ нæ фæвæййынц кувæндонмæ сæмбæлæг уазджытæ дæр. Хи дзы куыд дарын хъæуы, уый тыххæй æрбацæуæг базоны кувæндонмæ бацæуæны ауыгъд хъусынгæнинагæй.

Беслæны кувæндоны бындурон рацарæзт райдыдта 2017 азы сентябры. Ирыстоны дыккаг ахæм нæй. Беслæйнаг пенсиисæг Беройты Мураты хъæппæрисджын хъуыдытæ царды рацыдысты иумæйаг архайды фæрцы.

– Æнæбафиппайгæ нæ фестут, йæ архитектурæйы бындур æрдзон дур, дон æмæ бæлас кæй сты. Рухс æй кæнынц 25 цырагъы, 22 æрдынагъуысты цæджындзты къæндзыджытыл ауыгъд сты хъуыраутæ петунитимæ. Уæвгæ дзы бирæ ныссагътам бæлæстæ æмæ зайæгойтæ. Къахвæндæгты фæйнæфарс — дидинджытæ, æндæр зайæгойтæ сагъд. Куы рафтауынц, уæд сæм цæст кæсынæй нæ фефсæды. Дыууæсæдæ туя бæласы сластам Кæсæгæй, 100 дзы ныссагътам кувæндоны фарсмæ Уæрæсейы Хъæбатыр Джыбылаты Зауыры номыл аллейы, — кувæндонмæ цæугæйæ нын дзуры Хасан.

Рауæлдай кодтой егъау дуртæ æмæ æнæмæнгхъæугæ арæзтадон æрмæг. Æппæт дæр – лæвар. Ам ис донхауæн, йæ бæрзæнд у 9 метры, стæй фонтан, йæ сыг 3 метры кæмæн у, ахæм. Йæ цъуппыл ын сæвæрдтам цæргæсы статуя, Дзæгъойты мыггаджы номæй лæварæн ласт æрцыд Пятигорскæй. Лæвæрттæ скодта нæ хорз хæлар, зындгонд меценат æмæ æхсæнадон архайæг Лалыты Лев – цæргæс æмæ стайы скульптурæтæ. Федтат нæ фондз урс цæджындзы, ахæмтæ никæмæ ис! – йæ ныхас дарддæр кæны не ‘мдзурæг. Цæсты ахады гранит, доломит æмæ мармæры мозаикæйæ конд пъол, йæ саразæг ыл равдыста йæ бынаты мидис. Пъолыл нысангонд сты алыхуызон æрттигътæ — сиахс æмæ чындзы лæууæн бынæттæ. Ходы Георгийы фæрцы дзы ауыгъд ис æхсæз метры дæргъæн люстрæ, испайнаг гранитæй конд иуæндæс метры дæргъæн стъол балæвар кодта Алыккаты мыггаг.

Алыварс акæсгæйæ дзы цæст æрхæцы чысыл бандæттыл, кувынæн сæрмагонд бынат, арæзт у æрдзон æрмæг – дурæй. Ис дзы кувæн къус – амалхъом адæймаг Хадыхъаты Валерийы лæвар.

Хасан нын куыд радзырдта, афтæмæй кувæндонмæ æрбацæуынц Елхотæй, Æрыдонæй, республикæйы иннæ кувæндæтты минæвæрттæ. Æрвылаз августы фыццаг хуыцаубоны ардæм бæрæгбонмæ ‘рбахонынц Ирыстоны æппæт кувæндæтты уынаффæдонтæй дæр. Бæрæгбон аккаг уагыл арвитынæн дзы ис æппæт уавæртæ дæр: дыууæ уазалгæнæны, микроуылæнты пец æмæ дон хъармгæнæн.

Æппæт уыдæттæ нæ уыдаиккой, йæ рæстæджы республикæйы Парламенты депутаттæ Уататы Зелим æмæ Мырыкаты Хъазыбег, республикæйы раздæры Сæргълæууæг Битарты Вячеслав, ПСК «Алмаз»-ы сæрдар Уыртаты Хъазыбег, «Автоспецоборудование»-йы директор Кудзаты Аслан, æфсæнбетон заводы директор Фриаты Хадзымурат, Беслæны нартхоры комбинаты директор Бæтæгаты Израил, амалхъом Алыккаты Майрæм, Михайловскы хуырыссæн куыстуаты директор Плиты Давид кувæндоны арæзтад æмæ фæлгонцадмæ се ‘ххуысы хай куы нæ бахастаиккой, уæд. Кувæндонæн æнæзæрдæхудтæй æххуыс кæнынц Третьяковты бинонтæ Андрей æмæ Аллæ, стæй Виктор Обинцов. Сæ бон цы у, уый кæнынц: бафснайынц, се ‘ххуысы хай бахæссынц бæрæгбæтты рæстæг. Уæрæх бæрæг кæнынц сæ æрвылазон бæрæгбон, æрбахонынц æм Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауады уæнгты, районы æмæ хъæуты разамонджыты.

Уыцы бон равдисынц зæрдæмæдзæугæ программæ Фарныхъæу æмæ Хуымæллæджы героикон зарæджы хортæ, æрыгæттæ фæерыс кæнынц армхæст æмæ иннæ спорты хуызтæй. Сæ аивад равдисынц Культурæйы галуаны ансамбль æмæ музыкалон коллектив «Стыр Ныхас». Иузагъдæй, бæрæгбон æрхæссы циндзинад, зæрдæ байдзаг вæйы рухс æнкъарæнтæ æмæ æнцойдзинадæй.

Ныр та ма дзы мыггаджы куывдты, чындзæхсæвты рæстæг фæдзæхсдзысты ног чындзыты. Фæнды нæ бафиппайын, æмæ Ирыстоны, стæй Кавказы дæр ацы нырыккон кувæндон иунæг кæй у, ам алы сарæзт хъуыддаг дæр куывдтытæ æмæ сыгъдæг хъуыдытимæ, хи пайдайыл нæ хъуыды кæнгæйæ, арæзт кæй æрцыдис.

Олеся КРИВОВА

Спортивон фидиуæг

Юбилей

Раздæрау у уæнгрог æмæ куыстуарзон

Ацы бонты юбилейон кары бацыдис, Ирыстон, Уæрæсе æмæ Советон Цæдисы спортивон æнтыстдзинæдтæм зынгæ æвæрæнтæ чи бахаста, уыцы не ’мзæххонтæй иу — МÆРГЪИТЫ Хазбийы фырт Анатоли.

Йæ хæрзæгъдау æмæ бæрнондзинады тыххæй йын стыр аргъ кæнынц Уæрæсейы Спортивон хъæбысхæсты федерацийы.

Анатолийыл 22 апрелы сæххæст æвдай азы. Уый,

куыйы 850 азы»-йы майданæй...

Уæрæсе æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт тренер, Уæрæсейы æфсады центрон спортивон клуб æмæ Уæрæсейы æфсады уæгъдибар хъæбысхæсты иугонд командæйы сæйраг тренер, нæ бæстæйы фæсивæдон (23 азы онг) иугонд командæйы сæйраг тренер Мæргъиты Анатолийы лæггæдтæ кæуылты сты, куыд æфсæддон, афтæ æгас Уæрæсейы хъæбысхæсты спорты раз!

Мæргъийы-фырты стыр зонындзинæдтæ, йæ лæмбынæг æмæ зæрдиаг архайд æрхастой стыр уæлахизтæ йæ бæрны уæвæг спортсментæн. Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ: **Богъиты Вадим, Хаджи-Мурат Магомедов, Джамал Отарсултанов, Денис Царгуш, Гуæцæлты Хадзымурат, Рæмонты Сослан, Гюльнарæ Манюрова,** дуне æмæ Европæйы чемпионтæ; **Тедеты Дзамболат, Георгий Гогшелидзе**, æмæ ма къорд зындгонд дунеон спорты мастеры Мæргъиты Анатолийы хонынц сæ уарзон хистæр æмæ ахуыргæнæг.

Йæ бирæ лæггæдты тыххæй Анатоли хорзæхджынгонд ссис ордентæ æмæ майдантæй: «За заслуги перед Отечеством» I, II æмæ IV-æм къæпхæнтæй, орден «Почета»-йæ, «За заслуги перед Московской областью», «Мæскуыйы 850 азы»-йы майданæй...

Мæргъийы-фырт Уæрæсейы æфсæддон спорты сырæзтмæ цы стыр æвæрæнтæ бахаста, уый тыххæй йæ скульптурон бюст æвæрд æрцыд Мæскуыйы, æфсады центрон спортивон клубы цур нæ бæстæйы æппæты сгуыхтдæр æфсæддон тренертæ æмæ спортсментæн цы скульптурон рæнхъ арæзт ис, уым.

Ахæм стыр кады аккаг суæвгæйæ, Мæргъиты Анатоли баззад хуымæтæг, уæздан æмæ цæстуарзон адæймагæй. Уымæ гæсгæ у алы ран дæр хъæугæ лæг.

Йæ хæрзæгъдау æмæ бæрнондзинады тыххæй йын стыр аргъ кæнынц Уæрæсейы Спортивон хъæбысхæсты федерацийы.

Анатолийыл 22 апрелы сæххæст æвдай азы. Уый, раздæрау, дысвæлдæхтæй кусы хъæбысхæсты ногæйног фæлтæрты спорты бæрзæндтæм тырнынмæ аразыныл. Уырны нæ, йæ хъомылгæнинæгтæй ма дунеон спорты æппæты бæллиццагдæр бæрзæндтæм иу æмæ дыууæ хатты кæй не схиздзысты!

Нæ зæрдæ дын зæгъы, Анатоли, уæнгрог æмæ зæрдæрайæ бирæ азты фæцæрын. Дæ уарзон бинонтæн фидар цæджындз уæвгæйæ, сæ амонды хабæрттæ уынгæйæ, сæдæ азы сæрты куыд акæсай, уый дын Хуыцауы цæст бауарзæд!

БАСКАТЫ Уырызмæг

Риссаг фарста

Æндæр хотыхтæ дæм куы нал баззайа...

Ирон æвзаг сæфы, зæгъæ, фæдисхъæр хъуысы алырдыгæй — æрвылбон телеуынынад, радио, газетты фæрстæй нæ цух кæны ацы риссаг фарста. Æмæ ахæм фæдисхъæртæй исты пайда куы уаид, бæргæ! Фæлæ нын ныхæстæй бæлвырд хъуыддæгтæм рахизын æппындæр не ‘нтысы.

Сывæллонæн йæ мады ‘хсыримæ йæ мадæлон æвзаг йæ туджы ахъары. Цалынмæ йыл æртæ азы рацæуы, уæдмæ ирон сывæллон фæдзуры иронау. Фæлæ, куыддæрræвдауæндоны къæсæрæй бахизы, афтæ къæссавæлдæхт фæвæйы. Гыццылгай, бонæй-бонмæ дзы рох кæнын байдайы, уый хыгъд уырыссагау гæркъæраг фесты. Æмæ йыл фæцин кæнæм. Куыд фæзæгъынц, дарддæр – фылдæр. Скъола дæр йе «‘вæрæн» хæссы – ирон æвзаджы уроктæн сæ бæрц дæр фæкъаддæр, уæдæ сæм цы цæстæй кæсынц, уый дæр сусæггаг нæу. О, афæдз иу хатт саразынц конкурс «Ирон дæн æз». 15 майы тæ нæ республикæ сбæræг кæны Ирон æвзаджы бон. Бæрæгбон. Фæлæ йыл цæимæ сæмбæлæм? Иу бон нын фаг у рæсугъд «дежурный» ныхæстæ фæкæнынмæ, стæй та нæ гаччы сбадæм. Уынджы ирон ныхас нæ фехъусдзынæ, куы сдзурай, уæд та æнæввæрсон цæстæнгасыл сæмбæлдзынæ, ома, дам, кæцæй æрхаудтæ, ахæм «æнæхсæст». Нæ ахуыргонддзинад æвдисæм, уырыссаг æвзагыл нæ чи рæсугъддæр, æнæ ирон «акцентæй» дзуры, уымæй. Нæ диссаджы, дунейы рагондæр æмæ рæсугъддæр æвзæгтæй иу, ахуыр кæнынц бирæ бæстæты, мах та йæм былалгъæй кæсæм, нæ йыл уæндæм дзурын, «фæстæзады» бæræггæнæн, дам, у.



Ныртæккæ нæм туристтæ тынг бирæ цæуы. Чи зоны, уый хорз у – нæ къазнамæ, дам, фæрæзтæ цæуы. Фæлæ та ам дæр хъуыддаг дызæрдыггаг у, уымæн æмæ нæ республикæйы хицауады сæрдары фыццаг хæдивæг æрæджы дзырдта дзыллон информацион фæрæзты, цас нæм цæуы туристтæ, уыйас æфтиæгтæ нæм нæй, зæгъгæ. О, фæлæ уыцы уазджытæ нæ республикæйы сæйраг, стæй, иннæ горæттæ æмæ хъæуты куы ацæуынц, уæд дистæ фæкæнынц, ай кæм стæм, зæгъгæ. Ирон дзырд нæ фендзынæ дукаиты, куыстуæтты дуæрттыл, фылдæр – англисагау æмæ уырыссагау фыстытæ. Куыд зонут, афтæмæй та ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ нæ республикæйы сты æмсæр, паддзахадон.

Нæ уарзон газет «Рæстдзинад»-ы тиражмæ куы ‘ркæсай, уæд уымæй дæр бæræг у нæ ахаст мадæлон æвзагмæ. Иутæ фæзæгъынц, йæ аргъ, дам, зынаргъ у. Æмæ уыцы хъуыдыйы дæр рæстдзинад ис, æвæццæгæн. Фæлæ, дæ хæдзармæ къуыри фондз хатты ирон газет куы цæуа, уæд уый аргъ та цас у? Рафыссын æй æмбæлы æртæ мæйæн, стæй та – дарддæры æртæ мæйæн, афтæмæй бинонты иумæйаг бюджетыл уыйас нæ фæзындзæн. Ныртæккæ ма йæ кæсынц хистæр æмæ астæуккаг кар адæм, фæлæ дарддæр йæ хъысмæт тынг сагъæссаг у.

Цы уавæр сæвзæрд, уым кæй азымджын кæнæм? Хицауады бынæттæ чи ахсы, уыдонæй иронау чи дзуры стæмтæй йеддæмæ? Цæцæны «паддзахы» митæм иухуызон цæстæй нæ кæсæм, худæм ыл, мæсты дæр æм кæнæм, фæлæ йæ иу хъуыддаджы бафæзмын æмбæлы. Йæ мадæлон æвзагыл узæлы, йæ чиновниктæм та бартхъирæн кодта, сар, дам, мын, уæ сæр кæны, уæ цот, дам, цæцæйнагау куы нæ дзурой, сæ мадæлон æвзаг куы нæ зоной, уæд уæ куыстæй куыдзы тард акæндзынæн. Кæмæдæр уый æгæр карз уынаффæ фæкæсдзæн, фæлæ ахæм хъæддыхдзинад бавдисын дæр хъæуы, æвæццæгæн, æндæр хотыхтæ дæм куы нал баззайа, уæд.

Ам, мæнмæ гæсгæ, нæ хицауадæй райдайын хъæуы, уыдоны ахастæй, цæмæй уавæр сындæггай хорзырдæм ива, уый тыххæй. О, нæ республикæ бирæнацион у, фæлæ, дзæнæты бадинаг Джыккайты Шамилы загъдау, «куы уай æцæгæлон æрвадæн, нæ дæ уæд искæмæн хæстæг». Абон нæ цот се ‘взаг куы нæ зоной, уæд райсом уыдоны зæнæг та бынтондæр нал æмбардзысты, цы ‘рдыгон сты, уый. Наци та амæлы, йе ‘взаг куы амæлы, уæд.

Адæймаг цал æвзаджы зоны, уал адæймаджы у, фæзæгъынц. Æмæ, ироны ном чи хæссы, уый уал, фыццаджыдæр, йæ мадæлон æвзаг хъуамæ зона. Уый дызæрдыггаг нæу.

БАСИТЫ Сурæт,
фæллойы ветеран

Мидбылты худгæйæ

«Æз та сымахæй æдылыдæр!..»

Чырыстонхъæуы Сæхъмæрзайы чи нæ зыдта, ахæм адæймаг зын ссарæн у. Йæ бирæ цот дæр йæхи хуызæн магусайæ цæлуарзаг рауадысты. Сæ хæдзар ныккæлынæввонг уыдис, фæлæ Сæхъмæрзамæ уый зынгæ дæр никæцæй кодта.

Чындзæхсæвтæ æмæ хистытыл зылдис, æмæ йæ кæм æвдæлд. Йæ къæбæргæнæг-иу æм дзы къæдзæй куы балæвæрдта, кæдмæ афтæ æдзæллагæй лæудзыстæм, дæ алыварс ма уыдонæй искæмæ уæд та бахæлæг кæн, зæгъгæ, уæд-иу ын зæрдæтæ æвæрынмæ фæци, гæды сомытæ кæныныл-иу нал ауæрста, мæ мард фен, мæ ингæны ныккæс, куыддæр фæбон кæна, афтæ, дам, нæ ног хæдзарæн йæ бындур æræвæрдзыстæм.

Азтæ цыдысты, фæлæ, Сæхъмæрзайыл цыма пъæззы ныббадт, афтæ йын æппындæр ницы ‘нтысти. Цыдæр арæзтадон æрмæджытæ дæр æræмбырд кодта, зæгъæм, змис кæрты бæræг астæу парахатæй æркалын кодта, æмæ ууыл дæр ныр цалдæр хатты æрзымæг...

Мæнæ та уалдзæг ралæууыд. Иу райдзаст бон Сæхъмæрза змисыл къæцæлæй хъуыддагхуызæй цыдæртæ хæххытæ кæны, мæгуыр, йæ уд æрдуйæ нарæгдæр ссис, йæ «чертеж» къорд хатты фехалы æмæ та йæ ногæй æндæрхуызон скæны. Æппынфæстаг йæ зæрдæйы фæндиаг рауад, уый бæræг уыд – фæхъæлдзæгхуыз, йæ ныхы æнцъылдтæ слæгъз сты. Фæдзырдта йæ ус æмæ йæ цыппар гуыппырсар фыртмæ, йæ цъæх чызгмæ. Йæ алыварс куы ‘рбамбырд сты, уæд сын уыцы бæræгбонхуызæй йæ уынаффæ раргом кодта, змисыл цы ныв скодта, уымæ къæцæлы фындзæй ацамонгæйæ:

– Тæккæ райсом райдайдзыстæм хæдзар аразын. Ацы ран уыдзæн мæн æмæ уæ мады уат. Мæнæ ам – уæ хойы уат. Лæппутæ, сымахæн та уæ хатæнтæ – ацы рæтты...

Йæ цот дын уый айхъуыстой, цы – кæрæдзимæ фæлæбурдтой, иу сыхы куыйтау, разы нæ уыдысты, цы бæстыхæйттæ сын бавдыста, уыимæ, алкæмæ дæр дзы афтæ каст, иннæмæ хуыздæр уат æрхауд, зæгъгæ. Баивыныл сæ ацархайдтой, фæлæ, хъуыддагæй куы ницы рауад, уæд къухæй бавнæлдтой. Сæхъмæрза сæм бирæ фæкаст, æмæ йæ маст фыцын райдыдта. Уæдмæ «над æрчъиаг» дæр сарæх, лæппутæ кæræдзийы дæræн кæныныл схæцыдысты, æмæ фыд йæ къахы фындзæй «хæдзар» æрбайхæлдта, йæхæдæг йæ цотмæ дзуры:

– Æз та сымахæй æдылыдæр, сымахæн хæдзæрттæ чи аразы!..

ГАПБАТЫ Алетæ

Хъомылад

«Мыстыты æмбырд» –ræвдауæндоны

Æрвылаз Дзæуджыхъæуы саразынц ирон аргъæутты конкурс рæвдауæндæтты сабиты ‘хсæн. Йæ нысан у ирон æвзаг рапарахат кæнын, цыфæндыйæ дæр йæ бахъахъхъæнын.

37-æмræвдауæндоны сывæллæттæ зæрдиагæй фенхъæлмæ кæсынц уыцы цаумæ. Аив æмæ цымыдисаг рауад ацы аз дæр сæ равдыст. Гыццыл артисттæ сæвæрдтой аргъау «Мыстыты æмбырд». Сæ аив ирон ныхасæй æмæ, цы фæлгонцтæ сарæзтой, уыдонæй дисы бафтыдтой жюрийы уæнгты.

Равдыстмæ сæ бацæттæ кодта ирон æвзаджы ахуыргæнæг Дзусты Риммæ.

Нæ уацхæссæг

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргъæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

30 апрелы, дыццæджы, Зджыды уыдзæн Алардыйы куывд.
Фысымтæ сты æртæ æфсымæры: Цæгæраты Ирбег, Еврик æмæ Мæирбег. Аларды уын рæсугъд арфæтæ ракæнæд! Уæ фæрстытимæ æрбадзурæн ис мæнæ ацы телефонæй: 8-938-861-44-55 (Ирбег).

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ**.
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ**.
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ**.

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргъæлæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæræггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3229. Заказ № 429. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru